

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Ieu Bab medar ngeunaan (1) Méthode panalungtikan, (2) desain panalungtikan, (3) sumber data, (4) téhnik panalungtikan, jeung (5) instrumén panalungtikan.


1.1 Méthode Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif kalawan méthode déskriptif. Pamarekan kualitatif digunakeun pikeun nganalisis data nu teu bisa diukur atawa diitung ku angka. Ieu pamarekan digunakeun lantaran sipatna anu leuwih subjéktif. Moleong (2006, kc. 6) nétélakeun yén panalungtikan kualitatif mangrupa panalungtikan nu miboga maksud pikeun maham fénoména ngeunaan naon nu kaalaman ku subjék panalungtikan misalna, paipolah, persépsi, motivasi, jrrd., sacara holistik jeung ngagunakeun cara déskripsi dina wangun kekecapan jeung basa, dina hiji kontéks husus nu alamiah jeung ngamangpaatkeun rupa-rupa méthode alamiah.

Saluyu jeung pamarekan anu digunakeun, ieu panalungtikan ngagunakeun méthode déskriptif lantaran dianggap bisa ngagambarkeun jeung ngajéntrékeun kana naon bebeneran anu aya dina panalungtikan. Suyanto (2006, kc. 80) nétélakeun yén waktu ngagunakeun méthode déskriptif dina kualitatif aya opat léngkah nu ngawengku (1) ngumpulkeun data, (2) nganalisis data, (3) napsirkeun data, jeung (4) nyieun kacindekan.

1.2 Désain Panalungtikan

Saluyu jeung pamarekan katut méthode panalungtikan anu digunakeun, aya sababaraha hal anu perlu diténan patali jeung désain panalungtikan. Désain panalungtikan nyoko kana obyék jeung metodologi panalungtikan saperti méthode panalungtikan, sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data, déskripsi jeung tafsiran data, nepi ka ngahasilkeun kacindekeun. Désain ieu panalungtikan bisa dibagankeun saperti ieu di handap.



Bagan 3.1 Bagan Desain Panalungtikan

1.3 Sumber Data Panalungtikan

Arikunto (2013, kc. 172) nétélakeun sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék ti mana éta data kacangking. Sumber data dina ieu panalungtikan mangrupa dokumen dina wangun sumber data tinulis. Ari sumber data tinukisna nyaéta buku karya sastra. Idéntitas bukuna ébréh saperti ieu di handap.

- a. Judul buku : *Dongéng Énténg ti Pasantrén*
- b. Pangarang : Rahmatullah Ading Affandiee (RAF)
- c. Penerbit : Taraté Bandung
- d. Tempat : Bandung
- e. Taun : 1961 (cetakan 2)
- f. Ukuran buku : 18,3 cm x 13,5 cm
- g. Kandelna : 112 kaca
- h. Eusi buku : 22 carita

Tabél 3. 1
Tabél Subjudul katut Kode *Dongéng Énténg ti Pasantrén*


No	Subjudul	Kode
1	“Ajengan”	Aj
2	“Ibu Ajengan”	IAj
3	“Masantrén”	Mas
4	“Pasantrén”	Pas
5	“Poé Ka Hiji”	PkH
6	“Élmu Ajug”	ÉA
7	“Niat”	Ni
8	“Ngupat”	Ngu
9	“Ajilu”	Ajl
10	“Tunil”	Tu
11	“Ngadulag”	Nga
12	“Maén Bal”	MB
13	“Ka Kota”	KK
14	“Dang Engkos Putra Camat”	DEPC
15	“Kang Haér”	KH
16	“Al Kadzib”	Ak
17	“Man Syabbaa’la Syaain”	MSS
18	“Ngaran”	Ng
19	“Aya Jurig Sisi Balong”	AJSB

No	Subjudul	Kode
20	“Cita-cita”	Cc
21	“Panghulu”	Pang
22	“Hutang”	Hut

i. Ringkesan eusina :

Dongéng Énténg ti Pasantrén mangrupa gambaran kahirupan hiji lalaki nu keur ngalalakon di lingkungan pasantren. Ti mimiti anjog ka tempat nepi ka ngalaman rupa-rupa kajadian jeung rupa-rupa pangalaman anyar boh pangalaman spiritual boh pangalaman lahir. Dina ieu carita aya duapuluh dua jejer nu silih pakait, diantarana: “Ajengan”, “Ibu Ajengan”, “Masantren”, “Pasantren”, “Poé Ka Hiji”, “Élmu Ajug”, “Niat”, “Ngupat”, “Ajilu”, “Tunil”, “Ngadulag”, “Maén Bal”, “Ka Kota”, “Dang Engkos Putra Camat”, “Kang Haér”, “Al Kadzib”, “Man Syabbaa’la Sayaein”, “Ngaran”, “Aya Jurig Sisi Balong”, “Cita-cita”, “Panghulu”, jeung “Hutang”. Sakumna carita téh mangrupa kaayaan lingkungan pasantren anu has, béda jeung lingkungan masarakat biasana.

Gambar 3. 1
Jilid *Dongéng Énténg ti Pasantrén*



1.4 Téknik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi Pustaka. Téhnik studi pustaka atawa telaah pustaka digunakeun keur ngumpulkeun tur ngadeudeulan tiori nu euweuh dina wawancara jeung observasi. Ku cara ngumpulkeun buku-buku sumber jeung referensi nu aya patalina jeung tiori anu bakal ditalungtik. Tehnik studi pustaka mangrupa téhnik panalungtikan nu dilakukeun ku cara macaan buku-buku sumber atawa buku-buku referensi ti pabukon. Buku-buku nu dibaca nyaéta buku-buku nu aya patalina jeung konsép, tiori katut pedaran pasualan nu luyu jeung rarangka panalungtikan. Udaganna nyaéta pikeun ngeuyeuban tiori-tiori sarta nguatkeun pasualan nu dipedar dina panalungtikan.

Léngkah-léngkah anu dilaksanakeund ina ngumpulkeun data saperti ieu di handap.

Muhammad Ramdhan Firdaus, 2022

DONGÉNG ÉNTÉNG TI PASANTRÉN KARYA RAHMATULLAH ADING AFFANDIE (RAF) PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR DI SMP (Kajian Ajén Budaya, Sémiotika, jeung Étnopédagogik)

Universitas Pendidikan Indonesia

repository.upi.edu

perpustakaan.upi.edu

- 1) Nangtukeun bahan panalungtikan dina sumber data;
- 2) Maca sumber data nu mangrupa buku carpon Dongéng Énténg ti Pasantrén karya Rahmatullah Ading Affandiee;
- 3) Nyirian pada atawa kalimah-kalimah dina buku anu nuduhkeun Ajén Budaya, Sémiotika, Pédagogik, jeung Étnopédagogik;
- 4) Nyalin jeung nganalisis paragraf atawa kalimah kana kartu data.

1.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumen panalungtikan nyaéta alat pikeun meunangkeun data (dina Sudjana, 2015, kc. 58). Instrumen anu dipaké nyaéta kartu data. Kartu data dipaké pikeun ngumpulkeun data tina sumber data. Eusina dina kartu data ngawengku opat hal, nyaéta (1) nomer data, (2) kode data, (3) cutatan paguneman tokoh, jeung (4) polah ucap. Data anu digunakeunana nyaéta unggal paguenaman anu kaasup kana polah ucap anu kapaluruh dina *Dongéng Énténg Ti Pasantrén* karangan R. A. F. Ieu di handap conto kartu datana.

<p>Abjad</p> <p>Cutataan Data (DÉTP/kode/kaca)</p>

Pikeun nyieun papasingan data, digunakeun kartu data tabulasi saperti ieu di handap.

Tabél 3. 2
Conto Kartu Data Ajén Budaya

Dongéng Énténg ti Pasantrén						
No	Sub judul	Ajén Budaya				
		MH	MK	MW	MA	MM
1	Ajengan					
2	Ibu Ajengan					
3	Masantrén					
4	Pasantrén					
5	Poé Ka Hiji					
6	Élmu Ajug					
7	Niat					
8	Ngupat					
9	Ajilu					
10	Tunil					
11	Ngadulag					
12	Maén Bal					
13	Ka Kota					
14	Dang Engkos Putra Camat					
15	Kang Haér					
16	Al Kadzib					
17	Man Syabbaa'la Syaain					
18	Ngaran					
19	Aya Jurig Sisi Balong					
20	Cita-cita					
21	Panghulu					
22	Hutang					

Tabél 3. 3
Conto Kartu Data Ulikan Sémiotika

Dongéng Énténg ti Pasantrén				
No	Sub judul	Sémiotika		
		Ikon	Indeks	Simbol
1	Ajengan			
2	Ibu Ajengan			
3	Masantrén			
4	Pasantrén			
5	Poé Ka Hiji			
6	Élmu Ajug			

Dongéng Énténg ti Pasantrén				
No	Sub judul	Sémiotika		
		Ikon	Indeks	Simbol
7	Niat			
8	Ngupat			
9	Ajilu			
10	Tunil			
11	Ngadulag			
12	Maén Bal			
13	Ka Kota			
14	Dang Engkos Putra Camat			
15	Kang Haér			
16	Al Kadzib			
17	Man Syabbaa'la Syaain			
18	Ngaran			
19	Aya Jurig Sisi Balong			
20	Cita-cita			
21	Panghulu			
22	Hutang			

Tabél 3. 4
Conto Kartu Data Ulikan Pedagogik

Dongéng Énténg ti Pasantrén				
No	Sub judul	Pédagogik		
		Kaayaan pergaulan jeung Kaayaan Pendidikan	Alat Pendidikan	Rupa-rupa Alat Pendidikan
1	Ajengan			
2	Ibu Ajengan			
3	Masantrén			
4	Pasantrén			
5	Poé Ka Hiji			
6	Élmu Ajug			
7	Niat			
8	Ngupat			
9	Ajilu			
10	Tunil			
11	Ngadulag			
12	Maén Bal			
13	Ka Kota			
14	Dang Engkos Putra Camat			

Dongéng Énténg ti Pasantrén				
No	Sub judul	Pédagogik		
		Kaayaan pergaulan jeung Kaayaan Pendidikan	Alat Pendidikan	Rupa-rupa Alat Pendidikan
15	Kang Haér			
16	Al Kadzib			
17	Man Syabbaa'la Syaain			
18	Ngaran			
19	Aya Jurig Sisi Balong			
20	Cita-cita			
21	Panghulu			
22	Hutang			

1.6 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data nyaéta cara-cara nganalisis data dumasar kana papasingan data, runtuyan data, jeung hasil ringkesan data sangkan babari dibaca (dina Nazir, 2014, kc. 315). Data dina ieu panalungtikan diolah ku ngagunakeun téhnik analisis langsung. Data nu diolahna mangrupa teks dina *Dongéng Énténg ti Pasantrén* karya R.A.F nu eusina ajén budaya, aspék sémiotika, jeung unsur pédagogik. Ari léngkah-léngkah dina nganalisis datana saperti ieu di handap.

- 1) Niténan deui data teks nu geus dikumpulkeun;
- 2) Ngaruntuykeun bahan panalungtikan;
- 3) Nyieun ringkesan data panalungtikan;
- 4) Nyieun papasingan data panalungtikan dumasar kana ajén budaya, aspék sémiotika, jeung unsur pédagogik;
- 5) Nganalisis data dumasar kana ajén budaya, aspék sémiotika, pédagogik jeung unsur étnopédagogik;
- 6) Ngadésripsikeun data dumasar kana ajén budaya, aspék sémiotika, pédagogik jeung unsur étnopédagogik;
- 7) Nafsirkeun data dumasar kana ajén budaya, aspék sémiotika, pédagogik jeung unsur étnopédagogik; jeung
- 8) Nyieun kacindekan tina hasil nganalisis data